No. 4 | 24 Januari 1929 | Taoen 10.

RAGAD ADVERTENTIE:

**Kabar premili:** 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

**Advertentie limrah:** f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholiek

1 taoen . . . f 7,50 }
1/2 „ . . . . f 3,75 } njoewoen kabajar roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

**I S I N I P O E N:**

Wara-wara — Badé katiwasan — Djempolan panoentoen — Gesang rerajatan lan djagad social — Swara ingkang awis kapireng — Soembangan — Seseboetan Santo Rama enz. — P. K. W. Ambarawa — K. W. Ambarawa — K.W. afd. Soerabaja — Angon mangsa di weroeh ing wajah — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

**W A R A - W A R A.*)**

**Lengganan ingkang dèrèng mbajar kwartaal I minggoe poenika badé dipoenkintoeni postwissel tagihan; semanten oegi lengganan ingkang taksih gadah toenggakan taoen 1929.**

**saking ADMINISTRATIE.**

## PRADJA RAHAJOE.

### BADÉ KATIWASAN.

Inggih, badé katiwasan, manawi boten wonten ingkang tetoeloeng. Para maos sampoen ngertos, bilih samangké tjatjahing montor mindak, tjatjahing tijang ingkang nanem wit karèt inggih mindak, dalasan bangsa Indonesia oegi toemoet. Ladjeng sami djor-djoran.

Kotjapa, énggal poenika satoenggiling toewan Bosch manggih réka énggal, soepados anggènipoen ndèrès karèt medala katah. Manoet réka énggal poenika angger oewit saged ngedalaken 100°/₀ tanpa kanti ngrisakaken witipoen.

Jèn sadaja bangsa Éropah ingkang gadah wit karèt, sami nganggé réka énggal poenika, bangsa Indonésiah badé kompèren, woesana katiwasan.

Jèn wedaling karèt saja katah, aosipoen wonten ing peken-donja badé medak. Poenika toemrap bangsa Éropah boten dados poenapa, djalaran saged oegi taksih bati, djalaran soegih karèt. Sareng bangsa Indonesia, katahing karèt boten mindak, pengaos soeda, ndadosaken bobrok.

Sarèhné bangsa Indonésiah poenika boten pinter, soepados sampoen katiwasan, kedah dipoentoeloengi. Sinten ingkang saged noeloengi? Namoeng golongan landbouwconsulent.

Mila saking panoewoen koela moegi prakawis poenika kagaliha déning para djempol-djempolan, langkoeng-langkoeng para landbouwconsulent, awit jèn ngantos kasèp, bangsa Indonésiah ingkang nanem wit karèt badé kapitoenan ageng, woesana ladjeng sami boten poeroen nanem malih, woesana ékonomi saja moendoer.

*„Jèn Kober."*

### DJEMPOLAN - PANOENTOEN.

Saweg taoen 1923 Dr. G.J. Nieuwenhuis njerat boekoe „Opvoeding tot autonomie." Ing ngrikoe pandjenenganipoen njrijosaken, bilih ing Indonesia ngriki „leidersopvoeding" (panggoela-wentahing djempolan-panoentoen) taksih kirang sanget.

Ing poendi-poendi kadosta ing Éropa, Djepang, Tjina, Indija-ngadjeng lsp. prakawis poenika dipoenperlokaken sanget.

Ing Griekenland-kina, ing Roem, ing public-school Inggris, ing Landerziehungsheime Duitschland, ing highschool Amerika, ing samurai Djepang, ing Indija-ngadjeng, tjekakipoen ing poendi-poendi panggoela-wentah toemrap djempolan-panoentoen poenika saéning wewatekan lan kasarasan langkoeng dipoenperlokaken tinimbang katahing kawroeh.

Toewan Nieuwenhuis tjrijos: Tanah ikoe enggoné ora gemah-ripah ora marga akèh wongé kang ora bisa matja, nanging enggoné koerang wongé kang ora bisa matja ikoe kagawa saka gemah-ripahing tanah. Wondéné tanah bisané gemah-ripah (welvaart) ikoe marga doewé djempolan-panoentoen, sing wasis noentoen lan ngégah-égoehaké. Jèn para djempol-djempolan wateké peng-pengan, sarta wong-wong tjilik mangkono oega, kena tan ora tanah Indonesia bakal madjoe.

Wong-wong Djawa kang ora mamboe sekolahan nanging doewé watek koekoeh, ikoe ngadat ékonominé ija bakoeh.

Dèk andedel-dedelé Republiek Walanda bijèn mbarengi wongé doeroeng wasis-wasis kaja saiki, nanging wateké peng-pengan djempol-djempolané kang noentoen wateké ija mangkono.

Dr. Nieuwenhuis trijos, wadjibipoen djempolan-panoentoen poenika 1° doewé watek oetama (vroomgemoed) 2° badan waras 3° karepé kentjeng 4° ora wegahan 5° wasis jèn gawé pepantjasan (scherp oordeel) 6° seneng marang kagoenan 7° seneng tetoeloeng marang bangsané. Ladjeng dipoenwewahi 8° ora isin njamboet gawé sing kasar-kasar.

Nalika Dr. Nieuwenhuis njerat, boekoe „opvoeding tot autonomie" poenika, djempol-djempolan dèrèng katah. Samangké sampoen radi katah, nanging poenapa sadaja sami anggadahi watek woloe kados ing nginggil poenika? Langkoeng-langkoeng watek nomer satoenggal poenika taksih katah kirangipoen. Ladjeng no. 3 lan 4° poenika inggih taksih kirang, tandanipoen ing poendi-poendi ngwontenaken sesorah: ngedegaké anoe, nganakaké anoe lsp. Doemoegining ngendon: ora madeg, ora ana.

Mangga, ingkang roemaos saged dados djempolan-panoentoen, nggegoelanga watek 8 poenika.

Manoet Dr. Nieuwenhuis: djempolan-panoentoen no. 1, mengko analphabeten (wong kang ora bisa matja) bakal katoet ilang, marga tanahé gemah-ripah.

*Poen P. D.*

*) Kaatoeran mrelokaken oegi maos Corespondentie, bab liboeran Sijam.

*Adm.*

## L A R A S A T I.

### GESANG RERAJATAN LAN DJAGAD SOCIAL.

*Wewenang lan wadjibipoen tijang sepoeh dateng anak.*

Manawi tijang sepoeh, kados ingkang sampoen koela atoeraken ing Swara-tama No. 3 kedah andjagi kawiloedjenganipoen anak menggahing badan, tijang sepoeh langkoeng kawadjiban andjagi kawiloedjenganipoen anak menggahing soekmanipoen. Sebab soekma kalijan badan, langkoeng adji soekma, mila pangroematipoen inggih kedah langkoeng dipoenpersoedi. Pramila sampoen samestinipoen kémawon, jèn pandjaginipoen soekma langkoeng kaewrataken tinimbang pandjaginipoen badan; dados manawi wonten pamanggih oetawi tjara ingkang njimpang saking wewaton poenika, temtoe boten ngenggèni leres. Mila ladjeng kénging dipoenwastani lepat patrapipoen tijang ingkang namoeng ngrembag bab badanipoen (bab lahir) kémawon, nengenaken barang sepélé, soepé dateng kebatosan. Kebatosan poenika pantjènipoen nomer satoenggal, teka ladjeng dawah nomer kalih; dados inggih boten kénging; kabatosan boten kénging kakoewalokaken. Barang lahir ingkang goemelar poenika namoeng kanggé djaman awal ngriki, sareng kabatosan poenika toemoedjoe dateng djaman akir ing béndjing. Kanggé kita tijang Katoelik prakawis poenika sampoen boten tida-tida, nanging malah sampoen gamblang tjeta wéla-wéla sanget.

Dados menggahing kawiloedjenganipoen soekma, tijang sepoeh wadjib ngrigenaken lan andjagi, soepados anakipoen énggal angsal Sakramèn Baptis. Poenika kanoegrahan ageng sanget, ingkang kasoekakaken laré déning tijang sepoehipoen.

Tijang sepoeh kedah andjagi, soepados laré angsal piwoelang bab saraking agami, liripoen; sadaja kanjataan-kanjataan toewin kawadjiban ingkang dipoenwoelangaken ing Agami.

Tijang sepoeh oegi kedah andjagi, soepados anakipoen adjar (sinaoe) ing pamoelangan, ingkang boten moetawatosi kanggénipoen piandel oetawi kasoesilanipoen (kaoetamèn) laré; dados laré Katoelik wonten ing sekolahan nétral poenika boten kénging; déné sebab-sebabipoen badé koela terangaken ing béndjing.

Manawi laré sampoen soemerep poendi kawadjibanipoen tijang sepoeh oegi kedah ngoedi sagedipoen koewadjiban waoe katindakaken ing laré kanti samestinipoen.

Wiwit alit mila laré kedah dipoendoenoeng-doenoengakaken saha dipoenpitoetoeri soepados ngitjali tjatjadipoen lan patrap ingkang boten saé. Makaten poenika inggih kawadjibanipoen tijang sepoeh dateng anak.

Ing woesana tijang sepoeh kedah soeka toelada dateng anakipoen, soepados poen laré sarana njipati pijambak langkoeng gampil anggènipoen ngetjakaken. O mila katah toewin wigatos sanget sesanggènipoen dados tijang sepoeh poenika. Ananging poenika sadaja nama kawadjiban soetji, mila kedah katindakaken klawan ngatos-atos.

***

Ing ngriki boten soesah koela terangaken, sebab poenapa laré kedah énggal-énggalan kasoewoenaken baptis. Tijang Katoelik sampoen mangertos sadaja dateng genging pigoenanipoen.

Dinten wingking kateroesaken.

A.

## K O E R O E S E T R A.

### SWARA INGKANG AWIS KAPIRENG.

**Bab:**

**Boten sak boten serik, atiné anggandjel sadingklik.**

mBoemboni oréanipoen saoedara Bajoewara ing Sw. Tm. no. 2 Januari 1930, bab kados kaseboet. Panjerat sampoen dangoe gadah raos ingkang tjotjog kalijan sad. Bajoe, prakawis tradjangipoen Balé Poestaka dateng golongan kita, nanging koela ampet kémawon, saweg sapoenika saged kawedal, djalaran wonten ingkang mboekani.

Margi kerep lan katah maos boekoe-boekoe wedalan B. P, panjerat gadah kajakinan, bilih:

I. Kanétralanipoen B. P. saèstoe boten djedjeg, alias memihak sebelah, ngantos kerep njerikaken golongan kita Christen.

II. Boekoe-boekoe wedalan B. P. mèh sadaja basanipoen saé, boten maiben, nanging isinipoen katah ingkang ndjoewarèhi lan kirang migoenani toemrap adjenging bangsa oetawi boten toemrap jèn poenika kanggé noentoen bangsa.

Andaranipoen sdr. Bajoewara sampoen terang, tjekap; boekti boekoe-boekoe inggih boten ngoejang. Panjerat sagah madosaken.

Nitik kawontenan I kita serik sanget dateng B. P.

Nitik kawontenan II pamanggihipoen panjerat, ingatasipoen B. P. poenika panoentoen bangsa, boten lajak sanget jèn B. P. ngedalaken boekoe-boekoe ingkang katah-katah meleg bab ingkang boten dedasar kaoetamèn (onzedelijk).

Pangadjeng-adjengipoen panjerat, margi oréanipoen Bajoewara lan oréan poenika, B. P. poeroena ngéwahi tradjangipoen ingkang lepat kaleresna; ingkang boten laras, kalarasna.

Mangga sami dipoenentosi!

Pepoentoning rembag: Panjerat poenika barèsipoen kagolong R. K. lan panoentoen bangsa (é, boten kétang alit), inggih toemoet ngonjok-onjokaken dagangan B. P., oegi kerep ngoerbanaken tanaga, lan ngantos sampoen atoesan Volksalmanak ingkang kasadèkaken dateng kantja Boemi. Nanging manahipoen, awit roemaos kakoewalokaken. Mangka njatané inggih boten sakedik tjatjahing golongan kita ingkang mbantoe Balé Poestaka. Mila jèn B.P. teroes atradjang kados sapoenika, kita boten wadjib mbantoe ingkang rosa.

Sarta malih: Sinten kémawon ingkang poeroen-poeroen meleg bangsanipoen ing kawroeh kirang saé (onzedelijk), nama misani bangsanipoen; boten nama ngadjengaken bangsanipoen, nanging kosok-wangsoelipoen.

***

Minangka panoetoep, B. P. prajogi nggatosna swara ingkang awis kapireng poenika, moerih saénipoen sarta émoeta dateng wewarah: alaning satroemoe sidji, ngoengkoeli betjiking mitra satoes.

Samanten roemijin!

Poen: MANDARWA.

## R E T R È T.

Béndjing sijam ing Moentilan badé ngawontenaken retrèt mawi basa Djawi. Wiwit tanggal 24 Februari (Senèn Sonten) doemoegi 27 Februari. Wragadipoen f 3.—

De Rector

**van het XAVERIUS - COLLEGE.**

## V A R I A.

### SOEMBANGAN.

— Ramé swaraning serat-serat kabar ngrembag bab soembangan. Wonten ingkang gadah pemanggih kedah itjal, alas-alasan maton. Sawenèh itjal inggih itjal, nanging sasakedik, keterangan inggih maton.

— Sanadjan barang poenika sampoen nama wajoe, nanging sarèhné ing Sw. Tm. dèrèng wonten ingkang ngedali pemanggih, mila badé koela enget malih.

— Soembang tegesipoen sami kalijan soeroeng, sok karangkep dados soembang soeroeng; inggih ateges bantoe. Dados tijang njoembang nggadahi kadjeng ambantoe, sarana arta, wos l.s.s.

— Nitik tegesing temboeng, tjeta sanget manawi ingkang kedah kabantoe poenika poenapa-poenapa ingkang katjampréngan oetawi kasékéngan. Noeloengi tijang oetawi nbantoe dateng tijang kasékéngan poenika sampoen dados wadjibing tijang Katholiek.

— Mas Karjaoepama sanget kemlaratan, bebasan tjowèk gopèl kémawon boten gadah; ingkang kateda ing saben dintenipoen dèrèng temtoe wonten. Doemadakan anakipoen èstri Srioepami pedjah. Lah, kados mekaten poenika pantes kasoembang. Dados toedjoening soembangan ingkang kados mekaten poenika koela matoek, botem kaitjalan. Djalaran sepisan pantjèn njata ketjingkrangan, kaping kalih katik tanpa kanjana-njana manggih sengkala.

— Sanadjan gadah damel pisan ingkang sampoen kapikir langkoeng roemijin, nanging manawi njata kekirangan namoeng badé ngenggèni salimrah kémawon boten saged, meksa pantes kasoembang. Kadosta: Benda badé netakaken anakipoen nama Bendoel. Kanggé épahan bong kémawon boten saged, poenika kedah kabantoe.

— Wondéné tijang tjekap manggih sambékala ingkang tanpa kanjana² pisan, pemanggih koela boten perloe kasoembang, langkoeng² ingkang sadèrèngipoen sampoen karantjang roemijin, kadosta mantoe, l. s. s. Wohipoen boten sanès namoeng badé ngringkihakan ékonomining kalih-kalihipoen. Jèn tijang Sa-Indonesia tasih nglenggahi tatatjara ingkang kados makaten ingkang kabekta saking isin, jèn ta boten njoembanga, temtoe t. Indonesija inggih dèrèng saged soegih tetijangipoen. Mila leres satoenggiling kempalan ingkang mewahi werk pogramipoen nedya ngitjali soembangan ingkang sampoen boten toemrap djaman semangké.

— Tijang Katholiek kedah ndjagi soemebarang Agami, sampoen ngantos Agami ladjeng angsal tjlorèngan awon ingkang djalaran saking tindaking tijangipoen ingkang nglampahi Agami Kath. waoe.

— Ing ngriki koela njoewoen priksa, kados-poendi sikep koela, manawi manggèn ing panggénan ingkang tijangipoen taksih ngangseg sanget dateng prakawis soembangan, ingkang sampoen boten keplok kalijan djaman sapoenika? Langkoeng-langkoeng manawi katondjok?

— Manawi koela kèndel temtoe wiloedjeng. Nanging indrukipoen temtoe boten saé, toer mesti njangking Kristen. Wong Kristen, wong tjèlèng gontèng, wong Srani Agama Landa.

— Mekaten sadèrèk angèlé sesarengan ing madyaning maatschappij; ndjagi wijaring Keraton Dalem, kerep kelampahan éwoeh — aja.

— Wasana njoewoen seserepan.

D J A D I R.

## SESEBOETAN „SANTO RAMA" KANGGÉ PAUS.

*Wonten pitakèn: Poenapa poenika boten tjengkah kalijan Kitab Soetji?*

Ing Kitab Soetji wonten oengeloengelan makaten: „Adja moeni Rama marang manoengsa, amarga moeng sidji Ramanira, jaikoe kang ana ing Swarga." (Math. 23 : 9). „Kang mangka bangsa R. Kath. mastani pangagengipoen: „Rama", gèk nganggé „Santo" poenapa; poenapa poenika boten njlèwèng saking Kitab Soetji?"

O, sadèrèk, makaten poenika barang gampil. Jèn kados makaten pandjenengan boten saged mangretos, pandjenengan temtoe tansah bingoeng, répot, boeneg, djebeg, manawi maos Indjil, amargi ing ngrikoe saèstoe wonten tetemboengan ingkang langkoeng angèl lan roewet tinimbang ing bab nginggil waoe. *)

Déné jèn saèstoe pandjenengan badé ngepleki temboeng-temboeng ing Kitab Soetji, prajogi seseboetan „D o m i n e e", inggih kaitjalana, amargi poenika ateges: b e n d a r a, malah oegi ateges „Goesti" (toemrap Goesti Allah). Kang mangka Sang Kristoes inggih ngandika wonten ing toenggil bab ngrikoe: „Lan sira adja gelem sineboet bendara, amarga moeng sidji bendaranira, jaikoe Sang Kristoes." Menggah ingkang kinarsakaken Sang Kristoes, tegesing tetemboengan waoe, katjeta wonten ing oengeloengelan s a n è s **) ing bab Indjil

*) mila bingoeng, répot, djebeg lsp. amargi negesi Indjil manoet pamanggihipoen pijambak. Tijang satoes jèn makaten saged warni satoes. Negesi Indjil poenika kedah manoet „ingkang kapatah negesi" inggih poenika „Pasamoewan Soetji." Kedjawi poenika sampoen namoeng mendet „satemboeng" oetawi „saoekara", nanging kedah mendet oegi ngadjeng lan teroesipoen, ladjeng katjotjogaken kalijan temboeng oetawi oekara ing bab s a n è s (mirsanana ing nginggil **) lan kalijan piwoelangipoen Poedjangganing Pasamoewan lsp., soepados ngertos kadjengipoen. Red.

stemrecht, déning warga sadaja, kapilih kadadosaken pangrèh énggal inggih poenika:

I. sadèrèk C. Soekardja, kampoeng Patemon 20 (Voorzitter)
II. sadèrèk S. Soedarmodjo, ziekenhuis Dermo (Vice Voorzitter)
III. sadèrèk F. Soeratijo, Wonoredjo g. 2 No. 12 (Secretaris)
IV. sadèrèk t. Widijono, Wonoredjo g. 2 No. 12 (Penningmeester)
V. sadèrèk P. Sarwan, Delimaweg 15 Ngemplak (Commissaris)
VI. sadèrèk M. Soedjimin, Djagalan g. 7 No. 46 (Commissaris)
VII. sadèrèk Wahjoedi, kampoeng Patemon 20 (Commissaris).

Pangrèh lami matoer kasoewoen déning para sadèrèk Katholiek ing Soerabaja, déné sampoen saged nindakaken wontenipoen K. W. Soerabaja ngantos doemoegi pilihan warga pangrèh énggal kaseboet. Wasana parepatan djam 1 siang katoetoep klajan basoeki saha rahajoe, Amin!

Verslaggever.

Sbaia, 20 - 1 - 30. *Abonne* No. 566

## WARA-WARA.

Sarèhning déning parepatan taoenan (19-1-30) ingkang kapilih dados pangrèh énggal (Dagelijks bestuur) saking K. W. afd. Soerabaja, sadèrèk

*a.* C. Soekardjo, Voorzitter manggèn ing Patemon No. 20
*b.* F. Soeratijo, Secretaris manggèn ing Wonoredjo gg. 2 no. 12
*c.* A. Widijono, Penningmeester manggèn Wonoredjo gg. 2 no. 12

kasoewoen soepados sadaja oeroesanipoen parepatan oetawi warganing K. W. kadawahaken dateng salah satoenggiling pangrèh énggal adrèsipoen, amrih énggal oetawi rikat pamboedidajanipoen.

Wasana ngatoeraken priksa, bilih pangrèh K. W. lami, sampoen boten gadah hak oeroesan kasebat malih.

Goenging panoewoen
Pangrèh K. W. lami.

Sbaia. 20-1-30.

# OERAP-SARI

## KABAR KATHOIEK.

### SAKING NGAJOGJAKARTA.

**Pahargjan Alg. Broeder Overste.**

*(Darbèk Djawi dipoen-gegesang).*

Kados ingkang sampoen naté kawartosaken wonten Sw. T., goeroe-goeroe Djawi ing sakolahan - sakolahan Kidoel Lodji, saèstoe mahargja rawoehipoen Algemeene Broeder Overste. Pahargjan waoe doemawah wonten tanggal 12 Djanoewari, wiwit djam 7.30 sonten doemoegi 9.15., manggèn ing speelloods Broederan.

Tamoe *ngoelama:* padoeka Rector X. College Moentilan, Directeur Kw. S. lan Norm. Sch. Moentilan, Pastoer sawatawis saking Kota Baroe, Pastoer - pastoer ing pastoeran Kidoel Lodji, poenapadéné para Broeder Ngajogjakarta, lan Moentilan sawatawis.

Tamoe *bendara:* Tédjakoesoeman, Djajadipoeran toewin Ki Hadjar Déwantara. Saking kalangan *pangageng Onderwijs.* padoeka Inspecteur tw. Bosch, Schalken, lan School Opziener. Tamoe pangageng Walandi sanèsipoen: tw. Schmutzer Gandjoeran, Rietveld, Hattink Iss. Kadjawi poenika wonten wakil-wakil Melania; W. K., goeroe$^2$ Zuster-an, goeroe$^2$ H. I. S. Kidoel Lodji, sagarwanipoen; Sw. T. lan Soeara Katholiek; sadaja boten kirang saking 120. Kilap kalangkoengan kilap kados poendi, goeroe - goeroe Standaardschool sami boten pikantoek oelem$^2$ kadjawi kalih; mila ing pahargjan waoe kénging dipoenwastani boten wonten goeroe-goeroe Standaardsch.

*Programma:* 1 *pamboeka:* Br. Overste Djokja. 2. *Pambagja,* sad. Soegiri ngatoeraken sedyaning pahargjan; ngatoeraken genging bingah déné karawoehan pangageng; ngatoeraken panoewoen toemrap lalabetanipoen para Broeder wonten laladan Onderwijs lan *Opvoeding* ing Indonésijah. Lan ngatoeraken H. I. S. Kidoel Lodji anggegesang kagoenan Djawi. 3. *Gending „Lebda Djiwa"* sekar kasarengan gangsa. Ingkang nembang langen swara moerid H. I. S. Kidoel Lodji ngewrat soeraos bab Kasagahan Dalem Goesti Jésoes; boten ngoetjiwani! 4. *Perang tandingipoen* Abimanjoe kalijan boeta Gendringtjaloering. Ingkang ndjogèd laré alit (oemoer 10 taoenan) moerid H.I. S. Kidoel Lodji. Sakalih-kalihipoen nama bregas, langkoeng - langkoeng déné taksih laré alit, toer sinaoenipoen namoeng kalih woelan. Boten perloe katjarijosaken, prakawis poenika mesti kémawon dados mantepipoen ingkang gadah anak, dados bingahipoen sakolahan H. I. S. Kidoel Lodji, dados maremipoen ingkang paring piwoelang ndjogèd; dados leganipoen ingkang ningali. Soemerep kawontenan „laré alit ndjogèd boten ngoetjiwani wonten ngadjengipoen tijang katah", boten maiben déné ladjeng dados pépénginanipoen laré sanès; ngantos wonten ingkang kawedal panemboengipoen dateng bapa soepados inggih dipoenwoelangi makaten!

(Salebetipoen „prang tanding" waoe kalih prakawis ingkang koela gagas *a.* Katah tijang mastani laré H. I. S. kasoepèn oetawi ngemohi kagoenan Djawi, kirang tata-krama, Iss. Nanging nitik ingkang kelampah ing daloe waoe, tétéla manawi kapresoedi (déning goeroe - goeroe lan tijang sepoeh) tjatjad makaten waoe mesti saged itjal. *b.* Koela kèngetan djaman roemijin katah sanget tijang sepoeh njoewitakaken anakipoen dateng prijantoen; ing pangangkah sageda mangretos kagoenan Djawi, koelina kalijan panindaking oenggah - oenggoeh tata trapsila. Poenapa wontening kadadosan ing daloe waoe, badé saged ngébahaken manahipoen tetijang sepoeh mresoedi anakipoen dateng darbèk Djawi??

Preloe katjarijosaken, nalika „prang tanding" waoe, ing pagertémbok sisih Lèr, katingal wonten sinjo, nonik, djongos Iss. sami andjrabing ningali. Koela kinten sami mènèk anda. Jèn karaos, kalaras kalijan djagad koewajangan, angèmperi Semar, Garèng Pétroek, ningali peranging bandaranipoen!)

5. *Kyrie,* gending Goerisa (gangsa); 6. *Sanctus* gending „Djoeroe-Djoeroe (gangsa). Wonten ing programma 5 lan 6 (langen swara H. I. S.) poenika koela namoeng saged matoer: sadaja kénging kawastanan sami megeng napas, déning kataman aroeming swanten, saéning lagoe, wileding gending! Éwadéné manawi kanggé wonten Grédja koela boten saged ngatoeraken tjalon kaleresan poenapa boten. Koela namoeng saged njaosi antjer - antjer manawi *gamelan sarantjak* kalebetaken ing Grédja, poenika tangèh sagedipoen minangkani loehoer moeloeking gagasan! Mila kedah dipoenpilihi ingkang boten kasangeten adamel ébahing sarandoening badan! Kadjawi poenika tetemboenganipoen prajogi kasantoenan tjara Djawi. Awit manawi boten makaten, tetijang mesti namoeng kéloet déning swaraning gangsa, gagasanipoen kesilep déning gending, boten manah dateng panembah! Éwadéné, prakawis poenika koela soemanggakaken para moempoeni gending Djawi. Satoenggiling ahli gending anggadahi pamanggih: lagoe soeloek, poenika matoek kaanggé lelagon ing salebetipoen gezongen Mis.

Preloe kapratélakaken, programma no. 3, 5, lan 6, poenika dipoenasta pandjenenganipoen Br. Clementinus. Dados ing ngriki pandjenengan pirsa prijantoen Walandi mangretos gending Djawi! Kita tijang Djawi soemerep kawontenan makaten poenika sampoen mesti ageng ing manah.

7. *Dolanan* „Paman doblang", njenengaken; adamel goemoedjeng (Dolanan mawi lagoe gadahanipoen tijang Djawi, pantjèn wonten ingkang ngébahaken sarandoening badan! Toemrap para goeroe sakolahan andap kados inggih preloe ngopèni prakawis poenika!)

8. *Djatilan* (moerid Standaardschool) gambira ngantos wonten sawenèhing tamoe ingkang katingal gregetipoen toemoet ébah! Pentoel, Tembem, lan . . . , kénging kapamèraken!

Sanadyan pandjenenganipoen Alg. Broeder Overste boten medar pangandika, éwadéné koela tanggel béndjing sakondoeripoen mesti tansah kèngetan poenapa ingkang kalampah ing daloe waoe. Langkoeng - langkoeng dateng Abimanjoe kalijan Gendringtjaloering, Pentoel, Tembem sakantjanipoen!

**Katholieken Betawi goemarégah!**

*Saking Betawi Red. tampi serat makaten:* „Ing orgaanipoen para oud. H. I. S. sers wonten oesoeloesoelipoen sadèrèk Raf. Tahrin, angadjak soepados sadèrèk Betawi poeroen kempal kalijan ada-adaning sadèrèk Bandoeng.

Ing riki roemaos koela, oegi sampoen katah prijantoenipoen Katholiek boten kirang 35; Namoeng ingkang sampoen sepoeh, tegesipoen ingkang sampoen lami dedalem wonten ngriki kok kénging koela wastani nglirwakaken wadjib, doemèh pangkatipoen sampoen djempol tjara mrikinipoen, kok ladjeng kasoepèn kalijan Goestinipoen! . . . .

Pramila ngantos ing wekdal poenika ing mriki dèrèng wonten pakempalan Kath. Djawi, awit para moeda, (kakoeng, poetri) sewaoenipoen nengga para sepoeh.

Ing rèhning makaten, samangké para moeda boten nengga para sepoeh waoe malih, awit „toenggoe poenja toenggoe ta' berhatsil" dados sami oemjeg anggènipoen sami ngrembag bab ing nginggil soepados énggal lahir, inggih saking sakedik lan sadadosipoen.*)

Moegi-moegi sageda kalampahan ingkang dipoenangkah para sadèrèk waoe, lan mangga sadèrèk mangké rak tansaja roemaket gesang kita ing mantja nagari, déné sadèrèk ingkang dèrèng mireng ada-ada waoe koela atoeri, bilih dangan ing panggalih moendoet priksa dateng para sadèrèk ing ngandap poenika.

1. Sadèrèk: G. M. Soetijem mantri-goeroe Melaniaschool. Tamansari (Welt.).
2. Sadèrèk: P. M. Soediro mantri b/h. Kadaster.
3. Sadèrèk: Marc J. Soedarjono mantri-Verpleger C. B. Z.
4. Sadèrèk: E. J. Wadjib. p/a. Pastorie Mèntèng.

*) *Red.* boten terang poenapa karsanipoen kadang Kth. ing Bet. poenika ngadani pakempalan poenapa; poenapa K.W. poenapa P. P. K. D oet. sanèsipoen! *Red.*

# KABAR OEMOEM

## INDONESIA.

### W. K. Ngajogjakarta.

Parepatan tanggal 16-1-'30 manggèn ing dalemipoen sadèrèk Iskak. Ingkang rawoeh kalih dasanan.

Dinten waoe W. K. Ngajogja kasoemoekan dajaning konggrès, wiwit nganggé basa Mlajoe.

Sasampoenipoen notulen kawaos, sad. Rara Salmiati anggantjaraken kawontenaning manahipoen pinilih dados oetoesan, poenapa-déné ambombong para warganing W.K. soepados sami sengkoet tandangipoen. Rara Poedjiati nggantjaraken angsal$^2$ saking konggrès: tjekak, talesih!

Poetoesan-poetoesan 1e. Rara Salmiati kapilih dados wakil W. K. wonten P. P. I. I. ing Ngajogjakarta. 2. W. K. béndjing 9 Februari badé ngadani gecombineerde bestuursvergadering ngoelemi pakempalan-pakempalan wanita Katholiek ing sanès panggénan, sarana sesorah - sesorah l. s. s. Anggènipoen makaten waoe ing pangangkah sageda damel adjenging pakempalan - pakempalan Wanita Katholiek, poenadadéné soepados pakempalan - pakempalan waoe wontena sasambetanipoen. (Dados kénging koela wastani sagedipoen wonten Poesara Wanita Kath.). 3. Béndjing lustrumfeest P. P. K. D. W. K. badé sadé sekar, papadjenganipoen kanggé oeroen-oeroen kekirangan teda ing Manggarai poenapadéné kanggé preloe sanès.

*Pakabaran:* Wonten ing tentoonstelling Bandoeng, W. K. Ngajogjakarta pikantoek eere diploma saking pakempalan Mardi Beksa Irama ingkang ngadani tentoonstelling waoe, margi anggènipoen ngintoenaken seratan awoedjoed kampoeh semèn rama. (p.f.).

### Koersoes Kleinhandel.

Para maos sami pirsa wiwit woelan Mei 1929, ing Weltevreden wonten schriftelijke cursus kleinhandel, dipoenpandégani tw. H. Entringer. Mondelingipoen koersoes waoe dawah béndjing 3 Februari dangoenipoen sawoelan, manggèn ing Betawi.

Ingkang katarimah dados moerid 26, i.p. Moestafa goeroe 2e. Inl.sch. no. 2, Pematangsiantar; Maradjah goeroe 2e. Inl. sch. no. 1 Pematangsiantar; Aminoerradjih goeroe 2e. Inl. sch. no. 1 Medan; Habib gelar Soetan Maharadja, goeroe 2e. Inl.sch. Manindjau; Jasid gelar Soetan Tjaniago wd. Ond. Inl. sch. Padang; Zakaria gelar Soetan Sinaro goeroe 2e. Inl. sch. no. 3 Fort de Kock; Djalaloeddia wd. ond. 2e. Inl. sch. no. 8 Palembang; Mokibat gelar Radja Tjindar Boemi goeroe 2e. Inl. sch. no. 1 Teloekbetoeng; Mawi wd. ond. 2e. Inl. sch. no. 1 Kroe; Samsoe Soetawidjaja goeroe 2e. Inl. sch. no. 4, Buitenzorg; R. Maskoenkoesoemahardja 2e. Inl. sch. no. 12 Bandoeng; M. Soekarna Gandawarsita 2e. Inl. sch. no. 1 Cheribon; Sakir 2e. Inl. sch. Tjikatomas (Tasikmalaja). Radèn W. Soegita Handajasapoetra 2e. Inl. sch. Djatinom (Klatèn); Karaba Prawirahardja 2e. Inl. sch. Singasari; Soewadi 2e. Inl. sch. no. 1 Pati; M. Kadaroeslan Tirtahamisastra 2e. Inl. sch. no. 1 Ngawèn (Blora); Soewandi Tjakrasoenjata 2e. Inl. sch. no. 3 Poerwakerta (Banjoemas); Kasdi, al. Kasdioesman 2e. Inl. sch. no. 2 Pemalang; Rm. J. Soedana Danawinata 2e. H.I.S. Canisius Kidoel Lodji Djokja; Binangoen Martakoesoema wd. ond. 2e. Inl. sch. no. 1 Blitar; Mohamad Kasan Pramoesastra 2e. Inl. sch. no. 3 Djember; M. Soedirdja 2e. Inl. sch. no. 1 Bangkalan; Soekardjiman Kartaatmadja 2e. Inl. sch. no. 1 Toeloengagoeng; Ngatimoen Martahardja 2e. Inl. sch. no. 5 Malang; Driwitana Kartasiswaja goeroe 3e. H.I.S. Soerabaja.

### Warga Raad van Indië.

Pandjenenganipoen R.A.A. Achmad Djajadiningrat tilas Boepati Betawi, kalijan K.P.A.A. Koesoemajoeda tilas Boepati Panaraga sakalih-kalihipoen warga gedelegeerden Raad Kawoela sami winisoeda dados warga Raad van Indië.

### Weduwen lan Weezenfonds.

Wonten parepatan Raad Kawoela taoen 1925 warga t. van Helsdingen lan Soejana sampoen angatoeri rembag soepados Nagari ngwontenaken banda kanggé waranda lan laré lola (weduwen lan weezenfonds).

Taoen 1927, Nagari paring katrangan dateng Raad Kawoela, prakawis poenika sanadyan saé, nanging Paréntah meksa kagoengan kawratan, kabekta saking:

1. Boten wonten burgerlijke Stand kanggé tetijang Priboemi.
2. Tetijang ngriki sami kakéngingaken wajoeh.

Margi makaten waoe Paréntah kagoengan pamanggih boten saged manawi kawontenaken weduwen lan weezenfonds ingkang sami plek kalijan gadahanipoen bangsa Walandi.

Karsanipoen Nagari bokmanawi kanggé wiwitan badé ngwontenaken weduwen lan weezenfonds kanggé poenggawa bangsa Indonesijah ingkang blandjanipoen f 50 minggah. Bokmanawi kémawon prakawis poenika wonten parepatan Raad Kawoela taoen poenika sampoen karembag.

### Djampi sasakit pès.

*Het Noorden:* njarijosaken ing Margasari dalasan oegi ing Boemidjawa naté katradjang sasakit pest. Nanging sasakit waoe boten keladjeng-ladjeng. Ingkang makaten waoe margi igoeh pratikelipoen Wadana Boemidjawa. Manawi ing salebeting grija wonten tijang sakit pès, tijang sanèsipoen ladjeng kadawoehan ngombé *arak obat* sagelas alit kamomoran *ragi* sakedik. Manawi sampoen ngombé djampi poenika, tijang waoe ladjeng boten saged kataman sakit pès.

Saroedjoek kalijan dokter ing ngrikoe, tetijang ing bawahipoen sami kadawoehan djadjampi makaten poenika, ngantos sapoenika kénging dipoenwastani ing bawah kawadanan waoe boten wonten sesakit pès.

Panjoewoenipoen Het Noorden Nagari soepados ladjeng matitisaken djampi waoe pantjèn moestadjab poenapa boten. Manawi moestadjab, soepados ladjeng kaoemoemaken.

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

## NGAJOMI KASOESILAN.

*(Actie ingkang pantes binijantoe).*

Aroem daloe, inggih koepoe malem, alijas wanita palanjahan, poenika ing nagari poendi kémawon, wonten!

Sampoen kasaksèn ing para saged, karojalan satoenggal poenika sanget adamel risaking gesang sasarengan. Mandar kasangsaranipoen nglèlèpèti anak bodjo ingkang boten dosa!

Lan, sampoen kaseksèn ing sarakìng Agami pinten - pinten, rojal èstri poenika ageng sanget siksanipoen! Kedjawi siksa wonten ngrikanipoen, wonten ngriki sampoen pikantoek doedoekaning Pangéran!

Mila, kedah dipoentandangi saèstoe sagedipoen boten keladjeng-ladjeng!

Wonten konggrès P.P.I. (ingkang sapoenika santoen P(erikatan) P(erkoempoelan) I(steri) I(ndonesia) kala 30/31 Dec. '29, Mev. Goenawan sesorah „Arah madjoe sedikit kemoeka", soeraosipoen, anggepok prakawis rojal èstri poenika....................

Mev. Goenawan anggadahi pamanggih: „para kakoeng poenika panganggepipoen dateng tijang èstri ingkang katah-katah namoeng kados barang ingkang saged adamel lega lan marem. Margi makaten waoe ngantos katah sanget wanita moersal. Pamedar sabda mratélakaken bilih oendang-oendangipoen Nagari toemrap tijang nglampahi djina sasaminipoen, poenika boten adil. Djer kamanah namoeng ngèngingi para wanita. Kadjawi makaten, tetijang èstri ingkang sami moerang sarak poenika namoeng kabekta saking mlaratipoen. Mila, ngoesoelaken soepados ing Betawi dipoenwonteni grija kanggé ngopèni tetijang èstri ingkang sami makaten waoe. Sarta wonten ngrikoe soepados ginoela-wentah ingkang saé."

Ing ngriki ingkang dados pamanahan koela namoeng sedyanipoen Mev. Goenawan ngopèni tetijang èstri moerang sarak.

Djangkanipoen Mev. Goenawan poenika, pantji loehoer saèstoe! Pantes sanget dipoentilingaken! Pantes sanget dipoenbijantoe sagedipoen kasembadan! Lan, jén pantjèn badé dipoensembadakaken temenan, koela tanggel mesti badé angsal pambijantoe saking tijang katah, lan inggih saking golongan Katholiek.

Para maos!

Boten namoeng sapisan poenika kémawon, Patjar Mérah ngatoeraken rembag „ngajomi kasoesilan" Mandar koela inggih sampoen naté ngatoeraken wet-wet-ipoen Nagari ingkang sedyanipoen ngajomi kasoesilaning kawoela. Nanging, ...........kita inggih mangertos wet-wet waoe kénging kawastanan namoeng wonten seratan! Anggènipoen nindakaken boten kentjeng (kados panariking paos!) Margi Poenapa?? Petèk koela, bakoenipoen margi para prijantoen ing Wet pijambak sami seneng!

Oemoemipoen tetijang sami mastani Paréntah ing ngriki poenika „Christelijke Regeering"! Mila anggoemoenaken sanget, déné boten patos manggalih prakawis poenika!

Rembag „bestrijding der onzedelijkheid" poenika wonten Nederland inggih dados rembag!

Wonten Tweede Kamer kala woelan November 1929, pandjenenganipoen Mgr. Nolens ngandikakaken kawadjibaning Paréntah wonten laladan kasoesilan. Malah laras-larasipoen, neda éwah-éwahaning wet ingkang toemindak ing sapoenika.

Minister Binnenlandsche Zaken pandjenenganipoen toewan Ruys de Beerenbrouck, nalika mangsoeli sesorah - sesorahipoen warga Kamer, inggih ngandikakaken: Paréntah Nederland pantjèn angakeni bilih merangi sadaja kawontenan ingkang nradjang kasoesilan poenika loehoer sanget. Mila Nagari inggih badé paring pitoeloengan ing sasaged - sagedipoen! Nanging, saking pamanggihipoen Minister Ruys de Beerenbrouck pangretos bab kasoesilan (zedelijkheidscesef) ingkang pengkoeh, poenika bakoenipoen kedah toewoeh saking kawoela pijambak. Pandjenenganipoen angandika. „Moegi tanah kita, ingkang ngèsti pinarèntah tjara Kristen, saged noewoehaken *pijambak* wet loehoer toemrap kasoesilan."

Pantjèn! Itjaling rojal èstri poenika mila inggih kedah toewoeh saking tijangipoen pijambak. Pamboedidaja merangi onzedelijkheid kedah toewoeh saking pakempalan-pakempalaning kawoela! Nanging,............. ichtijar kita boten badé kasembadan manawi tampa pitoeloenganipoen prijantoening Nagari! Pandjerit kita, badé tanpa toewas manawi tanpa pambantoenipoen golongan letter W met de Kroon! Manawi Nagari boten kapareng nindakaken poenapa leresipoen, ngentjengi toemindaking pranatan matrapi paoekoeman dateng tetijang (toko) ingkang ngedalaken boekoe lékoh - lékoh, gambar saroe-saroe enz............ tandangipoen para amerangi rojal èstri inggih sasat tanpa damel. Mila, moegi rembag „bestrijding der onzedelijkheid" wonten Nederland waoe, saged andajani Paréntah Indonesijah angentjengi toemindaking pranatan kasoesilan.

Semanten oegi dateng kantja serat kabar, koela ngadjeng-adjeng moegi sami anandangi prakawis poenika ingkang saèstoe sarana boten poeroen ngewrat advertentie saroe-saroe lss. Taksih katah waosan saé - saé ingkang migoenani dateng kawoela!

Golongan Agami poenapa kémawon, koela soewoen samia toemandang sesarengan ngitjali kawontenan ingkang nglorotaken daradjading Indonesijah poenika. Langkoeng-langkoeng golongan Katholiek, moegi sami toemandang sengkoet!

Kumuningsaselé 18-1-'30.
Taklim:
PATJAR MÉRAH.

## CORRESPONDENTIE.

P. C. Waar; pandjenengan sinten?

Lengganan ingkang namoeng gantos adrès ing salebetipoen liboeran poenika (woelan sijam), koela atoeri maringi priksa dateng poskantoor ngrikoe kémawon, soepados ladjeng kaéwahan.

Abonné nomer 246, 257 lan 272, manawi pandjenengan minggoe ngadjeng boten tamni Swara-Tama, pandjenengan sampoen mapgertos pijambak.

**M. v. BIENE.**



Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA Telf. 252 — BANDOENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja SWARA TAMA, dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÉT INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON
DUNLOP RIJWIELEN
R. I. W.

**Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!**

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

**KALAU BELI OBAT-OBAT**

DJOKJA — DJOKJA

mémang tiada maoe pakai pertjoema, melainkan boeat djaga kesèhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar **Djangan beli sama sekali.**

Obat-obat keloearan roemah² obat

MALIOBORO **„RATHKAMP"** MALIOBORO

soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA **„RATHKAMP"** DJOKJA

tanggoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP" dan „ERCEE"

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

ALMANAK MELAJOE 1930

**soedah habis didjoeal**

Dalam koerang lebih tiga boelan sadja soedah bisa lebih dari

40.000

(beloem terhitoeng 40.000 **Volksalmanak** Djawa dan Soenda)

**akan tetapi djangan takoet**

sebab mengingat keperloean toean-toean jang beloem memesan, **BALAI POESTAKA** soedah moelai tjétak tambahannja Volksalmanak Melajoe

8000 lagi!

**SIAPA SOEKA BOLÈH BELI, SIAPA SOEDAH TENTOELAH POEDJI!**

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
**Toko DJOEN & Co.**

TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5.75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

**Semoea barang paling djempol, dan moerah sekali!**

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **kawadahan ing blèg, netto** | **10** | **5** | **$2^1/_2$** | **1** | **$^1/_2$ kilo;** |
| **sablèg regi** | **10,50** | **5,50** | **3,-** | **1,30** | **0,75;** |

TJÈT GILAP model B. kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50; 5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R. B. FRIELING,
**Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.**

Mangga sami ngabarna ing SWARA TAMA!

**SAWEG MENTAS AMBABAR.**

**Boekoe: PANGANGEN-ANGEN KANGGÉ SABEN DINTEN.**

**Soegeng saha piwoelang Dalem Kangdjeng Goesti Jésoes Kristoes.**

**Djilidan I ........ 500 katja**

**namoeng regi f 1,25 fr. i. p. f 1,45.**

**Kénging toembas dateng:**

**a. Pastoeran Kotabaroe Ngajogjakarta.**
**b. Kantor Swara-Tama.**
**c. Drukkerij Canisius.**

Èngetipoen Het Noorden, Nagari tjalon paring gandjaran f 10.000 dateng tijang ingkang saged manggih djampi pèst.

**Tijang doesoen gadah tékad.**

Tijang nama Madjasin ing doesoen Nengkelan, ond. distr. Patjet, distrik Tjiparaj, kaljan kantjanipoen sawatawis, kala wiwitanipoen woelan Maart 1926, ngajati damel ilèn-ilèn kanggé ngilèkaken tojanipoen lèpèn Tjirawa dateng sabin. Sasampoenipoen njrempeng njamboet damel ing salebetipoen 22 woelan, ilèn-ilèn waoe sapoenika saged dados. Pandjangipoen 9 k. m., saged njoroti sabin 100 baoe ingkang waoenipoen boten saged ngedalaken kasil déning kekirangan toja. Sabin 100 baoe poenika waoe, ingkang 25 baoe gadahanipoen Madjasin pijambak. Ragadipoen telas f 4000, ingkang f 3000 Madjasin pijambak ingkang tjoetjoel.

Prakawi smakaten poenika loehoer sanget, saèstoe migoenani dateng tanah lan bangsa. Langkoeng migoenani tinimbang ngwontenaken parepatan ingkang tjarijosipoen ngrembag prakawis wigatos kanggé preloenipoen bangsa Indonesijah. Makaten tjarijosipoen *Algemeene Indische Dagblad.*

**SAKING SOEKARENA.**

*M. K. R. martosaken:*

*Kawontenaning pasitèn* mindak saé, rawa-rawa malih sabin, margi-margi lan loeroeng-loeroeng ingkang awon mindak saé, kreteg-kreteg sampoen wiwit dipoen-garap. Katahing malaria soeda. Nanging ngadjengaken rendeng poenika meksa wonten ambah-ambahan, tijang sadoesoen Soekarena ingkang tilar watawis tijang 30. Nanging djalaranipoen sami sakit poenapa, boten saged mastani terang, awit boten wonten pepriksan dokter. Bokmanawi gantosing hawa, oetawi saking kasèping djawah.

***

*Kasarasan.* Katahing tijang njoewoen djampi datang Pastoeran Soekarena wiwit tanggal 15 Januari 1929 doemoegi 31 December 1929 kaétang ambal kaping 1110. Tjatjah samanten waoe taksih wonten ingkang klangkoengan sawatawis.

*N. S. Djember* kala roemijin ngemoengaken kanggé tjalon goeroe Madoera, taoen sangalikoer poenika oegi kanggé Bali, moerid saking Bali 29 sampoen adjal 1 kantoen 28. Voertaal Madoera lan Bali. Kadjawi basa Mladjeng oegi kawoelang basa Walandi. Moerid sadaja 122.

**Studieopdracht.**

Prijantoen tiga ingkang kaseboet ing ngandap poenika kadawoehan Nagari Nederland, ndjembaraken seserepan.

*R. A. A. Soejana,* tilas Boepati Pasoeroewan sapoenika warga gedelegeerden Raad Kawoela. *R. A. A. Tjakarningrat* Boepati Bangkalan. Prijantoen kekalih poenika kakarsakaken matitisaken prakawis economie, tatanèn, cooperatie, lss. Déné satoenggalipoen *R. I. F. Wenas* Hoofd Djaksa Menado kadawoehan matitisaken prakawis methode modern babagan recherchedienst lan tjara pangoeroesing doerdjana, tjekak ingkang babagan kapoelisèn.

Ongkos waragading lampah, Nagari ingkang njanggi. Béndjing manawi sampoen wangsoel, kawadjiban ngatoeraken palapoeran sarana kaserat dateng Paréntah.

**Ningkah lan pegatan ing Bandoeng.**

Ing salebetipoen woelan Dec. kapengker poenika, ing distrik Bandeng tjatjahipoen tijang idjab wonten 322, pegatan 388, roedjoek malih 40.

Woelan November 1929, idjab 403, pegatan 391, roedjoek 30. Ing salebetipoen kwartaal IV ing taoen 1929, tjatjahing tijang idjab wonten 1099, pegatan 1149, wangsoelan 97.

**Taoening sakolah.**

Njambeti ingkang sampoen naté kawartosaken. Ing Sw. T. bab badé wontening taoen sakolah énggal toemrap sakolahan Norm. sch., Amb. Sch. lss., sadèrèk P. ing Mlilir Ambarawa martosaken:

Mitoeroet dawoeh saking kantor Inspectie pamoelangan Djawi ing Ngajogjakarta 3 - 1 - '30 No. 87/20. Toemapaking taoening pamoelangan: Normaal, Cursus goeroe doesoen, angka II, makaten oegi pamoelangan doesoen wonten ing tanggal 1 Juli. Dados nginggahaken moerid saha njoekani tanda tamat pasinaon oegi wonten tanggal 1 Juli. Examen nglebeti Normaalschool toewin Cursus goeroe doesoen ingkang badé kalampampahan poenika béndjing woelan Juni 1930.

**SAKING SOERAKARTA.**

Abonn. no. 565 martosaken:

Njarengi taoen énggal wonten kaindakan sawatawis, inggih poenika sawoeng K — E ing Solo 4, sad. R. Parmaka, Sadija, Alf. Marwata, Mardji sami nampi diplomanipoen.

**Iksamen Koersoes goeroe doesoen.**

Nalika December 1929, para siswa cursus goeroe doesoen, ing Moentilan kalijan Medari sami dipoendadar kesagedanipoen wonten ing College Moentilan. Tjatjahing moerid wonten 17, Moentilan 10, Medari ingkang 7. Sadaja waoe saged katampèn iksamenipoen.

**Pambijantoenipoen paréntah Djepang.**

*Asaka Jiji* njarijosaken bilih paréntah Djepang ing Formosa damel poetoesan ambijantoe pakarjan-pakarjan Djepang ing Indonésijah. Pambijantoe waoe awoedjoed ngréntjangi ambajar $7^0/_0$ ning anakan samboetanipoen dateng Kwanan Bank. Bank poenika waoe tjalon njamboeti arta dateng pakarjan-pakarjan Djepang ing ngriki mawi anakan $12^0/_0$. Dados tegesipoen pakarjan-pakarjan Djepang waoe namoeng nganaki $5^0/_0$. Pakarjan-pakarjan Djepang ing Indonésijah ngriki dipoensadijani arta samboetan 2 mlijoen yen. Bironipoen Nagari Djepang kanggé prakawis sabrang oegi ngrembag. Directeur-ipoen biro poenika waoe, toewan Kudara nglahiraken pangadjeng-adjengipoen soepados pambijantoe arta poenika waoe saged ngadjengaken pakarjanipoen bangsa Djepang ing Indonésijah. *(Bintang Mataram).*

**Bèbèk Indonésijah.**

Salebetipoen woelan Djoeli 1930 ing London badé wonten tentoonstelling kéwan iberan. Indonésijah badé ngintoenaken bèbèk. Ingkang kintoen toewan H. Broekhuis ing Bogor.

Ing Hardewijk (Nederland) wonten panggaotan ngingoe bèbèk. Ingkang kanggé bibit inggih bèbèk Indonésijah.

Bèbèk wedalan ngriki pantjèn misoewoer wredèn. *(Sin Po).*

**Kekirangan teda.**

Margi kekirangan Djawah, ing Goenoeng Kidoel (Ngajogja), sampoen sawatawis dangoe, kambah patjeklik. Saking sangetipoen manoet *Bintang Mataram* tetijang ngrikoe ngantos sami neda ron nangka. Tetijang ingkang tjaket kalijan ngaré sami neda woh sata boetjalan saking pabrik sata. Woh sata poenika waoe dipoendeplok ladjeng dipoenratengi.

Ing Imagiri, manoet *Sedya Tama* inggih kekirangan teda. Tandonipoen teda sami telas. Wonten doesoen djiwanipoen 400 namoeng gadah pantoen 50 datjin, wos $1^1/_2$ datjin, glepoeng gaplèk 35 datjin, djagoeng babar pisan boten wonten. Mangka teda bakoe gaplèk kalijan djagoeng.

Katjarijosaken oegi tetijang paredèn sami toemoeroen dateng ngaré ambekta gagadahanipoen awarni lemantoen, médja lsp., kalintokaken teda. Ing pagantosan isinipoen barang rèmèh² kados déné patjoel, wadoeng, arit, pétjok, gradji, lss.

**Kabesmèn ageng ing Dèli.**

Kampoeng Tandjoeng Pasirkuala salebetipoen minggoe kapengker telas kabesmi, kadjawi namoeng grija padjagèn poelisi (posthuis), kantor tilpoen, lan sanèsipoen sawatawis. Grija ingkang kabesmi tjatjah woewoeng boten kirang saking 80. Kapitoenènipoen kiranglangkoeng f 138.000. Tijang boten wonten ingkang pedjah.

**Poedjangga Ranggawarsita.**

Wonten ing gedong R. K. Universiteit Nijmegen, prof. C. C. Berg (kala 29 Nov.) adamel sosorah bab kaboedajan Djawi. Para saged katah ingkang nenggani.

Saking pamanggihipoen pamedar sabda, Ranggawarsita poenika pantjèn inggih ahli sekar. Nanging poenapa ingkang katjarijosaken, poenika manawi kawawas tjara kawroeh, boten kénging kaendel djer ing rikoe namoeng ngawoer kémawon.

(Éwadéné toemrap ingkang damang dateng boekoe-boekoe Ranggawarsitan, amastani katah sanget anggitan Ranggawarsitan ingkang isi piwoelang saé, mandar kénging kawastanan langkoeng soesila tinimbang boekoe-boekoenipoeh ahli sekar bangsa Djawi sanèsipoen. *Red.*).